

# ★ KONNEN ★ — DWA — OU

## ***Si Lapolis Kanpe w***

- Ou gen dwa pou rete an silans. Si w vle rete an silans, di ajan an sa (Sèten eta ka mande pou idantife tèt ou bay lapolis si yo sispek ou fè yon krim.)
- Rete kalm. Pa kouri, Pa diskite, pa fè rezistans, oswa bloke lapolis. Kite men w nan pozisyon kote polis la ka wè yo.
- Mande èske ou lib pou ale. Si yo di wi, ak kè poze ak an silans deplase.
- Ou pa oblige dakò pou yo fouye w oswa zafè pèsònèl ou.

## ***Si yo kanpe w nan machin ou***

- Kanpe machin nan yon kote ki ansekitre pi vit ke posib. Etèn machin nan, limen limyè andedan, desann vit la a mwatyé, epi mete men w sou volan.
- Lè yo mande w, montre lapolis lisans chofè ou, papye anrejistrem, ak prèv asirans.
- Si yon ajan lapolis oswa imigrasyon mande pou l fouye machin ou, ou ka refize. Men si lapolis panse gen prèv yon krim nan machin ou, yo ka fouye machin nan san pèmisyon w.
- Toulède chofè ak pasaje yo gen dwa pou rete an silans. Si ou se yon pasaje, ou ka mande tou si ou lib pou ale. Si repons lan se wi, soti an silans.

## ***Si yo mande w enfòmasyon sou estati Imigrasyon w***

- Ou gen dwa pou rete an silans. Ou pa oblige reponn kesyon osijè ki kote ou te fèt, si ou se yon sitwayen Ameriken, oswa kijan ou te antre nan peyi a. (Règleman differan aplike nan fwontyè entènasyonal ak nan ayewopò yo, ak pou moun ki sou sèten viza non-imigran, sa ki gen ladan touris ak vwayajè biznis.)
- Si w pa yon sitwayen Ameriken e ou gen papye imigrasyon ki valab, ou ta dwe montre yo si yon ajan imigrasyon mande l.
- Pa fè manti sou estati sitwayèntre w oswa pa bay fo dokiman.

## ***Si Lapolis oswa Ajan Imigrasyon an vini lakay ou***

- Ou pa oblige kite yo antre lakay ou sof si yo gen yon manda ki siyen pa yon jij.
- Mande pou yo montre w manda a. Ajan yo ka fouye zòn nan pou bagay yo ki ekri nan manda. Yon manda arrestasyon pèmèt lapolis antre lakay non moun ki ekri sou manda, si yo kwè moun nan andedan kay la. Yon manda pou soti/depòtasyon (manda ICE) pa otorize ajan yo pou antre nan yon kay san konsantman w.
- Menm si ajan yo gen yon manda, ou ka rete an silans. Si w chwazi pou pale, soti deyò epi fèmèn pòt la.

## ***KONNEN DWA OU***

*Lapolis, Ajan Imigrasyon  
oswa FBI kanpe w*

## ***Si Lapolis Arete w***

- Pa fè rezistans.
- Di ou vle rete an silans epi mande pou yon avoka. Si w pa ka peye yon avoka, gouvènamen an dwe bay youn.
- Pa di anyen, pa siyen anyen, oswa pa pran okenn desizyon san yon avoka.
- Ou gen dwa pou fè yon apèl telefòn lokal. Lapolis pa ka tandé si wap rele yon avoka.
- Pa pale osijè estati imigrasyon w avèk okenn moun sof avoka w.
- Yon ajan imigrasyon ka vin vizite w nan prizon. Pa reponn kesyon oswa siyen anyen anvan ou pale avèk yon avoka.
- Li tout papye yo avèk anpil atansyon. Si w pa konprann oswa ou pa ka li papye yo, di ou bezwen yon entèpèrt.

## ***Si w nan Gadavi Imigrasyon (Oswa "ICE")***

- Ou gen dwa pou gen yon avoka, men gouvènamen an pap bay youn. Si w pa gen yon avoka, mande pou yon lis sèvis legal gratis oswa sa ki koute bon mache yo.
- Ou gen dwa pou kontakte konsila w oswa fè yon ajan enfòmè konsila a sou arrestasyon w.
- Di ajan imigrasyon an ou vle rete an silans. Pa diskite estati imigrasyon w avèk okenn moun sof avoka w.
- Pa siyen anyen, tankou fòm depa volontè oswa ki stipile depòtasyon, san ou pa pale avèk yon avoka. Si w siyen, ou ka pèdi chans ou pou eseye rete nan Etazini.
- Konnen nimewo imigrasyon w (nimewo kat ou "A") epi bay fanmi w nimewo sa a. Sa ap ede yo konnen ki kote ou ye.

## ***Si w Panse yo te vyole Dwa ou***

- Ekri tout bagay ou sonje, sa ki gen ladan nimewo badj ajan ak nimewo machin patwoyu la, nan ki ajans ofisiye a te soti, ansanm avèk tout lòt detay yo. Jwenn kontak enfòmasyon pou temwen yo. Si w blese, ale lakay yon medsin touswit epi pran foto blesi ou yo.
- Depoze yon plent alekri nan divizyon afè entèn ajans lan oswa komité plent sivil. Nan pifò ka yo, ou ka depoze yon plent anonim si ou vle.

*Nou pa bay enfòmasyon sa a kòm yon konsèy legal. Lwa ka differan nan sèten eta. Yo ka aplike differan règleman nan zòn kontwòl yo ak lè wap antre nan Etazini (sa ki gen ladan nan ayewopò yo). Mizajou Desanm. 2016.*

*Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele ACLU lokal ou nan [www.ACLU.org/affiliates](http://www.ACLU.org/affiliates).*

**ACLU**